Ассаламу гIалайкум!

ЦIумадисезул гъаракь

Голос Цумады

2016 соналъул 27 май РУЗМАН
№ 23 (7406)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багъа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Ана ургъел-агъаз гьечIеб талихIаб лъимерлъи

25 маялда районалъул киналго школазда тIоритIана ахирисеб цIумур къабиялда хурхарал тадбирал. Исана районалда школа лъугIулеб буго 115 цIалдохъанас.

АГЪВАЛИ.

Исана Агъвали школалда ахирисеб цIумур кьабуна 60-леб выпускалъе. Байрамалъулаб тадбир рагьана тарбия кьеялъул рахъалъ школалъул директорасул заместитель М-Д. Зубаировас. Гьайбатаб кочIол бакъаналъухъе цIаралккун ахIана школа лъугIулел ва иргадал кьерда чIана, цинги цIалул церехъабаз Россиялъул Гимналъул бакъаналъухъе рорхана Россиялъулгун Дагъисталалъул байрахъал.

М. Гьаруновас, районалъул администрациялъул вакил М. Жамаловас, Агъвали росдал администрациялъул бетIер Х1. Билаловас, умумузул комитеталъул председатель М. Рашидовалъ, заманаялъе нилъехъ чIарал Липецкиялъул ОМВДялъул нухмалъулев Николай Зубковас ва цогидазги. Умумузул рахъалъан кIалъазе рахъарал А. ИсмагIиловасгун С.МухIамадовалъ баркала загьир гьабуна мугIалимзабазе ва гьарана выпускниказе талихIгун икъбал.

Выпускниказда байрам баркун кIалъазе вахъарав школалъул директор Шамил Абакаровас абуна:

-Хириял выпускникал! ХIурматиял улбулгун умумул ва гьалбал! Жакъа школалъул тарихалда жаниб нуж ккола 60-абилеб выпуск. Баркула нужеда байрам, гьарула нужее пачалихъиял экзаменазулъ лъикIал хIасилал ва гIумрудулъ икъбал. Нух битIаги нужее, выпускникал!

Выпускниказ жидерго рахъалъан баркала загьир гьабуна мугIалимзабазе ва, тIоцере школалде рачIаразе насихIаталги гьарун, кьуна гьезие ракIалдещвеялъе сайгъатал.

Хадур баркиялъул кIалъаял гьарулаго, выпускниказе цIалулъ, спорталъулъгун школалъул жамгIияб хIалтIулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ грамотабигун г1арцулал сайгъатал кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев

ГЬИГЬАЛЪ

ТIолабго районалдаго гIадин, Гьигьалъ тIобитIана школа лъугIулезе ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир.

Школалъул гIурччинхарил азбаралда учительзабазул коллективалъул лъикIаб хIадурлъиялдалъун тIобитIараб гьеб къо цIалдохъабазе ракIалдаса унареблъун хутIана.

Тадбиралда гIахьаллъизе рачIун рукIана районалдаса батIи-батIиял жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, районалъул ва росдал советалъул депутатал, росдал администрациялъул бетIер ва выпускниказул эбел-эмен.

Школалда тIамураб 11 сонил хIасил гьабиялда цадахъго выпускниказда гIумруялъул цIияб бутIаялде гали тIами баркун кIалъай гьабуна тарбия кьеялъул рахъалъ школалъул директорасул заместитель Багистан ХIабибовалъ.

ЦIалдохъабазда байрам баркана «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибировас, социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул нухмалъулев Иманшапи МухIамадовас, районалъул лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан МухIамад ХIажиевас, къватIире риччалеб классалъул нухмалъулев СаидахIмад ГъазимухIамадовас, гьезул тIоцеесей учительница Аминат АбутIалибовалъ ва цогидазги.

Районалда тIоритIарал предметиял олимпиадабазда ва спортивиял тадбиразда лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъаби школалъул дирекциялъ ва росдал администрациялъ кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун ва грамотабаздалъун. Гьединго школалъул дирекциялъ лъикIаб къимат кьуна предметиял олимпиадабазде цIалдохъаби хIадур гьариялъухъ авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Зайнаб ХIажиевалъеги.

Тадбиралда кIалъазе вахъарав школалъул директор ХIайдар Рамазановас ва гьесул цIалул рахъалъ заместитель МухIамад АбутIалибовас гьарана къватIире риччалеб классалъул цIалдохъабазе гIумрудулъ тIамулеб гьезул тIоцебесеб гали икъбал ва талихI бугеб батагиян, ва божилъи загьир гьабуна гIагарал къоязда байбихьизесел цогоял пачалихъалъулал экзаменаздаги гьез лъикIаб хIадурлъи бихьизабизе букIиналда.

ТIИССИАХИКЬ.

Ахираб цIумур кьабуна ТIиссиахикь школалъул выпускниказеги. Гьезда байрам баркана школалъул директор Мухтар МухIамадовас, ДЮСШялъул директор ТIалхIат ГIабдулбасировас, Россиялъул эркенаб гугариялъул тIасан бищараб командаялъул руччабазул тренер Светлана Грачевалъ, эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул командаялъул гугарухъан Милана Дадашевалъ, тIадагьаб атлетикаялъул тре-

(Хадусеб - 2 гьумералда).

Ана ургъел-агъаз гьечIеб талихIаб лъимерлъи

(Авал - 1 гьумералда).

нер КъурамухIамад КъурамухIамадовасе.

Школалъул директор Мухтар МухIамадовас цIалулъ ва спортивиял тадбиразда лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъабазе кьуна гIарцулал сайгъаталгун грамотаби.

Анц1ила цоабилеб ва тIоцебесеб классазул мисалиял цIалдохъаби МусахIажи МухIамадовасе Шигьабудин МухIамадтIагьировасе ихтияр щвана ахирисеб цIумур кьабизе.

Гьединаб рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана ТIиссиахикь школалда байрам. Нух битIаги нужее, выпускникал!

МЕТРАДА.

Метрада школалдаги кьабуна ахирисеб цIумур. Рохалил тадбир рагьана улкаялъул ва республикаялъул Гимн ахIиялдаса ва тадбиралъул аслиял «гIайибиял»-«школа лъугIун унев» абун хъварал чIалаги рухьарал ичIабилеб ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби «хIурматалъулаб» горсвери гьабун, кьерда чIеялдалъун.

Байрам рагьана ва бачана школалъул мугIалим Загьрат МухIамадовалъ ва цIалдохъаби

Саид ГъазимухIамадовасгун ПатIимат МухIамадовалъ.

Выпускниказе баркиялъулал ва хитIабалъулал кIалъаял гьаруна школалъул директор Шамил ГIабдусаламовас, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Зайнаб ГIабдусаламовалъ, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ХIалимат АхIмадовалъ, школалъул мугIалимзаби ШугIайб Асланбековас ва Салман Салмановас, Метрада бугеб заставаялдаса гIорхъаби цIунулев ГIабдула ГъазимухIамадовас, районалъул газеталъул жавабияй секретарь Хадижат Залимхановалъ.

Тадбиралъе хасаб чIаголъи кьуна цIалул церехъабазе грамотабигун гIарцулал сайгъатал кьеялъул лахIзатаз. 28 призалъулаб бакI босун буго цIалдохъабаз цIалул соналъ районалда тIоритIарал предметиял олимпиадабазулъ.

Школалъул дирекциялъ лъикIаб къимат кьуна предметиял олимпиадабазде цIалдохъаби хIадур гьариялъухъ мугIалимзаби Загьрат МухIамадовалъегун Салман Салмановасе. Хадуб букIана байрамалъул «аслияб магI»-ичIабилеб классалъулазе ахирисеб цIумур кьаби. Гьелъие ихтияр щвана бищун лъикIал цIалдохъаби-ПатIимат ГIабдусаламовалъегун МухIамад ГъазимухIамадовасе.

Ана цIалдохъабазул ургъел-агъаз гьечIеб талихIаб лъимерлъи. Нух битIаги школалъулгун кьо-лъикI гьабуразе!

ГЪОРКЬГЪАКВАРИ.

ДАССРалъул мустахIикъав мугIалим, росдал школалъул директорлъун гIемерал соназ хIалтIарав Расул Закарьяевич Халидовасул портретги кодоб ккун, къватIире риччалеб классалъул цIалдохъаби, гьезул тIоцеесей мугIалим Пайнусат Шамсудинова ва классалъул нухмалъулей Сабижат ЖабрагIилова кьер гьабун школалъул аслияб майданалде рачIиналдаса байбихьана Гъоркьгъаквари школалда ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир.

Школа лъугIун унезда баркиялъулал ва нухбитIиялъулал кIалъаялдалъун тадбир рагьана директор АхIмад ГъазимухIамадовас.

Выпускниказда байрам баркана гьебго школалъул директорлъун хIалтIарав педагогикияб захIматалъул ветеран, Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим, гIемерал соназ районалъул лъайкьеялъул отделалъе нухмалъи гьабурав ШугIайб ХIамзатовас, Пайнусат Шамсудиновалъ, Сабижат ЖабрагIиловалъ, ТIадгъакквариса МухIамад Сулеймановас ва цогидаз.

Байрамалда гIахьаллъаразул ракIазулъ асар тараб лахIзатлъун ккана выпускниказ школалъе Расул Закарьяевич Халидовасул портрет сайгъат гьаби.

КIалъазе рахъараз божилъи загьир гьабуна пачалихъиял экзаменалги лъикIал къиматазда кьун, цIалдохъабаз лъикIаб гIумруялде гали тIамиялда.

ЭЧЕДА.

Цогидазго гIадин, Эчеда росдал школалъул 9 ва 11 классазул цIалдохъабазги къо-лъикI гьабуна школалъулгун.

Школа лъугIун унезул рохел гIахьал гьабизе байрамалде рачIун ракIарал цIалдохъабазул эбел-инсул гьурмазда кенчIолеб букIана рохалилаб гьими.

Гьезие гIумрудул нухда битIккеялъул гьара-рахьиялгун баркиялъулал кIалъаял гьаруна школалъул директор ХIусен ХIусеновас, цIалул рахъалъ школалъул директорасул заместитель МухIамадкамил ЖахIпаровас, школалъул мугIалим, педагогикияб захIматалъул ветеран Гъазо Гъазуевас, районалъул архитектор АхIмад ТIагьировас ва школалъул мугIалимзабазгун выпускниказул эбел-инсуца.

Выпускниказулгун кьомех лъикI гьабулаго, ХIусен ХIусеновас насихIат гьабуна кьисматалъ кире кканиги, эчедисез Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул къадруяб цIар кибго цIунизе кколин.

Нух битIаги нужее, выпускникал!

Жакъа районалъул школазда байбихьана ЕГЭ кьезе

Сонайилго гIадин, пачалихъиял экзаменал кьезе заман тIаде щолелъул рахIат хун рукIуна выпускникалги гьезул улбулгун умумулги. РикIкIарал кьоял хутIун руго районалъул выпускниказ цогоял пачалихъиял экзаменазде байбихьизе. Гьелде хIадурлъи гьабиялъул суалал кьуна нижер мухбир Зулфия Сажидовалъ районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса Гьаруновасе.

-Муса АхIмадович, кватIичIого пачалихъиял экзаменал кьезе заман щолеб буго. Исана ЕГЭ чан чияс кьезе бугеб?

-Гьаб соналда ЕГЭ кьезе буго 161чияс. Гьезда гьоркьоса исана школа лъугIулел 11 классалъул 115 выпускник ва 23 цересел соназ школа лъугIарал, гьединго 23 выпускник араб соналъ ЕГЭ кьезе бажаричIел.

-Кьокьго бицине бокьилаан ЕГЭялде цIалдохъаби хIадуриялда хурхун лъайкьеялъул отделалъ гьабураб хIалтIул.

-Районалъул лъайкьеялъул отделалъ бахъараб хасаб планалда рекъон исана гIемераб хIалтIи гьабуна цIалдохъаби ЕГЭялде хIадуриялъул рахъалъ. Республикаялъулаб «Дицаго кьела ЕГЭ» абураб программаялда рекъон, районалъул лъайкьеялъул идарабазда 4 нухалъ тIобитIана гIурус мацIалъул ва хIисабалъул экзаменал. Хъвана гьединго ЕГЭялде риччаялъе сочинение хъваялъул хIалбихьиялъул экзамен. Гьелъул хIасилазухъ балагьун 161 чи виччан вуго экзаменазде. БитIараб бицани, хьул лъола гьабураб хIалтIул хIасилазухъ балагьун, гьез ЕГЭ ва ОГЭ лъикI кьелин.

Районалъул щибаб школалда тIоритIана умумулгун цIалдохъаби цадахъал собраниял ва бичIчIизабуна ЕГЭ кьолеб заманалда кинабгIаги кумек щвезе гьечIолъи. Гьединго бухьеналъул алатал цадахъ росизе бегьунгутIи. Киса-кибего жидеда хадуб кьварараб халги ккун кабинетазда видеокамераби хIалтIулел рукIине ругеблъиги баян гьабуна.

-ИчIго класс лъугIулев чан цIалдохъан районалда вугев ва аслияб кида байбихьулеб гьезул аслияб пачалихъияб экзамен (ОГЭ)?

- Исана ОГЭ кьезе буго районалъул ичIго класс лъугIулев 213 цIалдохъанас. Гьеб кьезе бугезулги тIоритIана аслиял предметазул хIалбихьиялъул экзаменал.

-Гьаб соналда пачалихъиял ва аслиял экзаменал кьеялъулъ хиса-басиял ругищ?

-ГIурус мацIалъул ва хIисабалъул ЕГЭ кьезе бажаричIел лъимал цIидасан экзаменал кьезе риччазе гьеч1о, гьез гьел кьезе руго сентябралда.

Гьединго руго ОГЭ кьеялъулъ хиса-басиял. ИсаналъизегIан гьез кьолеб букIана кIиго тIадаб экзамен, гьанже тIаде бачIун буго кIиго тIасабищараб предметги. Исана гьеб хIалбихьиялъулаблъун буго, хадусел соназ тIадаблъун букIина.

-Экзамен кьолеб пункт хIадурун бугищ?

-Буго. Кидаго гIадин, гьеб букIина Агъвали гьоркьохъеб школалда. Дагъаб цее гьелъул хал гьабизе ячIун йикIана лъайкьеялъул министерствоялъул х1алтухъан Раисат ГIабдулбасирова ва ЕГЭ кьезе пункт хIадураб букIин гьелдаги бихьана. Гьениб хIадурун руго кабинетал, тIоцебесеб тIалаялда хIажалъи ккани букIине буго 2 кабинетги ва 1 медицинаялъулабги. Полициялъул хIалтIухъабазулги цониги чи ваккизе гьечIо экзамен кьолеб пункталде. Экзаменазул заманалда электрикияб канлъи ани букIине генераторги хIадурун буго. Экзамен кьолеб кьоялъ лъезе буго махх балагьулеб ва сотовияб бухьеналъул сигналал тIатинарулел алаталги. Гьединго исана росана 30 метралъул манзилалда бухьеналъул алатазул сигнал гьоркьоб къотIизабулел алатал.

- Экзаменал кьолел кьоял чIезарун ругищ?

-Руго. 27 май-география, гIурус адабиат, 30 май-гIурус мацI, 2 июнь- хIисаб гIелму (базовыяб даражаялда кьолеб), 6 июнь-хIисаб гIелму (профилияб даражаялда кьолеб), 8 июнь - обществознание,10-11-июнь къватIисел пачалихъазул мацI, 14 июнь- биология, къватIисел пачалихъазул мацI, 16 июнь -информатика, тарих, 20 июнь-химия, физика.

ЦIалдохъабазул тIасарищарал предметазул экзаменалгун данде кколел ругони, чIезарун руго цогидал кьоялги.

Школа лъугIараб аттестат щола гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул цогоял пачалихъиял экзаменал кьуни.

-Исана кинаб кумек щвараб лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабазухъа выпускниказе?

-Гьезие бащдаб багьаялде ричизе рачIана пачалихъиял экзаменазде хIадурлъиялъе тIахьал. ТIадеялъул киналго КИМал рачIине руго электроннияб почтаялде щибаб аудиториялда ругел компьютеразде.

-Ахиралдаги выпускниказе щиб гьарилеб дуца?

-Гьарула гьезие цогоял пачалихъиял экзаменалги кьун, жиде-жидеца тIаса бищараб нухккун ине икьбал, ракIалда ругел мурадал тIурай ва нилъер районалъегун пачалихъалъе хIажатал гIадамаллъун рахъин.

-Баркала, Муса АхIмадович гара-чIвариялъухъ. Гьабулеб данде бильъаги. ЛъикIаб бихьаги, лъикIаб рагIаги.

Гара-чIвари гьабуна Зулфия Сажидовалъ

Авар мацI ва адабият

Бугеб хIалалъ бицани, рохизе жо дагьаб буго

Баху МухIидинова, Педагогикиял гIелмабазул кандидат, Тахо-Годил цIаралда бугеб гIелмияб институталъул гIелмияй хIалтIухъан, авар мацIалъул ва адабияталъул учительзабазул Ассоциациялъул председатель.

Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,
Амма дица дирго рахьалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун.
Расул ХIамзатов

ГIемер бицунеб рагIана цIумадисезул сахаватлъиялъулги, гIадан хиралъиялъулги, аваданлъиялъулги, берцинаб тIабигIаталъулги… КигIан бицаниги, бихьараб гIадаб жо букIунарелъул, щванаха дунги ЦIумада районалде.

Сапаралъ яхьиналъе гIиллаги букIана, кього-лъеберго соналъ, нужги щиб гьабулелха ругел миллаталъул мугъ чIвалел хIубал, лъималазе канлъи кьолел цIвабиййилан, лъицаниги гIин тIамичIел авар мацIалъул учительзабазулгун дандчIвай ва лъималазда авар мацI малъиялъул ва лъаялъул даража борцин.

Тарбия лълъаранибе…

Дица бицинчIониги лъалебги букIун батила… БукIаниги бицана. Гьаб гIун бачIунеб гIелалъе букIине кколеб тарбияги кьечIони, гьел щиб миллаталъул вакилзаби, кинал умумузул ирсилалги бицинчIони, мацIги лъачIони, мацIалдаго цадахъ тарих, адабият, маданиятги кIочон тани, нилъер наслаби рукIине руго гIагарлъи лъалареллъун. ГьадигIан бечедаб адабиятгун тарихги хъвараб, дунялалдаго цIар рагIарал шагIирзабиги рахъараб авар мацI кIочон тани, хъвай-хъвагIайго гьечIел мацIалги дагьалги хехго кIочон тола. Толебльи нужедагоги бихьулеб буго, росабальцин гIисинал лъималаз бицунеб бугеб бацIцIадаб гIурус мацIалъухъ гIенеккун.

Цойги босани: кинидахъ кучIдул ахIизе, мацI малъизе, бахIарчиял умумузул бахIарчилъиялъулги яхI-намусалъулги бицине, лъималазе тарбия кьезе регIарал улбулги цIакъ дагьал гурони гьечIо гьанже. Киналго хъулухъалда руго. РегIараб заманги вацапалъги, интернеталъги, телевизоралъги кколеб буго. Гьеб кинабго жо лъималазда рагIизе рес бугеб бакI буго авар мацIалъул дарс. Гьелдеги кIвар кьечIони, ругел дарсалги дагь гьаруни, гьабилеб дарман дида лъалароха.

Лъай бугила гьанже школалдаса бищун кьваригIараб жойилан ругоха нилъ. ЕГЭ кьуралдаса нахъе, цойгидаб жо лъачIониги кIваричIила, гьеб авар мацIги хIажат гьечIилан абулел улбул рукIунел руго. ГIакълуялъул мукъсанлъи бихьуларищ? Тарбияги щвечIев, щив миллаталъул чиялиги, гIадат-гIамалги, вукIа-вахьинги лъаларев, яхI-намусги гьечIев чиясе кьураб лъай буго, такъсирчиясухъе кьураб ярагъ. ГIадада гуро гIалимзабазги тарбияги лъайги цадахъ бачине кколин абулеб. Амма, гьал ахираб 20-30 соналъ тарбиядул иш лълъаранибе ун буго нилъер.

ЦолъичIого рес гьечIо

Гьебги бичIчIун, авар мацIалъул ва адабияталъул дарсазулги учителасулги бугеб кIудияб кIварги лъан, лъагIел бана нилъеца Авар мацIалъул учительзабазул цолъи гIуцIун. ЦIумада районалъул координаторги вуго ШагIрурамазан Насрудинов. Гьеб Цолъиялъул мурадалъулги, цере чIарал масъалабазулги, гьабураб ва гьабулеб бугеб хIалтIиялъулги нилъеца цойги нухалъ бицина, гьаб макъала халат гьабичIого.

Учительзабазулгун дандчIваялъ щибха кьелеб, гьезул суалазе жавабал кьун бажарулел нухмалъулелги ас-кIор гьечIони… Гьединлъидал, цо бухIун щвараб бакъул кьоялъ, райадминистрациялъул кIалгIаялда жанир данделъана ЦIумада районалъул лъай-кьеялъул Управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновги, чанго гьоркьохъеб школалъул директорги, районалъул киналниги авар мацIалъул ва адабияталъул учительзабиги.

ГIемерал ратана учительзабазул ракI унтизарулел суалал… РухI кьун, хIал кьун авар мацI лъималазда малъулел учительзаби гIемер ругила жидер, амма гьеб лъиениги кьваригIун гьечIила, лъицаниги тIалаб гьабуларила… ХIасилкалам, я баркала гурила, я кири гурила.

Жиб-жиб росулъ жидерго рахьдал мацI бугеб районалда гIузраби гьечIого авар мацI букIинищ? Амма, тIадругезул кIварги кумекги гьечIолъиялъул бугила бищунго кIудияб зарал жедеейилан кIалъана учительзаби. Авар мацIалъул дарсазде кIвар кьоларила, лъидаго гьикъичIого кIиабилеб цIалул планалде анила чанго школа, тIасан буюрухъ бугиланги абун, авар мацIалъул учительзабазе харжалде тIаде бачIунеб 15 проценти щоларила, гьира базабизе кьолел кепкалги цIакъ мукъсанал жал рукIунила. Авар мацIалъул кIвар нухмалъулезда гуребги, эбел-инсудаги бичIчIулеб гьечIила. Гьезда гьикъани 90 процент улбуз авар мацI кьваригIун гьечIилан абизе бугила… (гьабни божизе захIматаб жо буго).

Районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас, гьеб 15 процентги нужер харжалда гьорлъе унилан абуна. Гьелдаги щивниги божичIо. КIиабилеб цIалул планги нужеца тIаса бищанилан абидал, гIажаибго цоцахъ ралагьана учительзаби, гьикъизего гьикъичIеб жо кин жидеца тIаса бищулебилан абураб гIадин… ПачалихъияБ мацIалде кIварги кьезе кколила, гьелда журналалги цIезе кколила, гьеб пачалихъияб мацIги нилъер гIурус мацI бугилан кьварун лъазабуна гьес. Авар мацIги пачалихъияб мацI бугилан абураб дир рагIиги гIадахъго босичIо. Дагъистаналъул Конституциялъул анцIила цоабилеб Глава цIализе заман гIечIого батизеги бегьула…

Бугеб хIалалъ бицани, рохизе жо дагьаб буго. Лъабго сон баралги лъималаз кьотIнор расандулелъул бицунеб буго гIурус мацI. Авар мацIалъ кIалъалев чи цIакъ кьанагIат гурони дида гьенив рагIичIо. Я жидерго рахьдал мацI, я гIурус мацI бицунеб буго цIумадисез. Амма щив миллаталъул чийилан гьикъани цIакъ кьварун «аварец» - иланги абулеб буго. Валлагь ватилаха, авар мацIго лъаларев чи «аварецищ» вукIунев, мун гIурусав вугилан абуни, кутакалда квешги букIунеб буго. Жив магIарулав гурин багу-чIамалав вугиланги абулеб рагIула цо-цояз. Дун гIурусавги гурин, гIурус мацI лъазабиларинги щайдайха чIоларев, эдигIан бахIарчияв чи? Гьеб кинабго буго нилъеда гIакълу хIалтIизабизе лъангутIиялъул хIасил.

Агъвали школалда дун йикIана Зиявудинова ПатIиматица ва Сажидова Зульфияца кьолел авар мацIалъул дарсазда. КучIдул рикIкIинеги, цIализеги, учителас гьикъараб суалалъе жаваб кьезеги гIедерал лъимал ругоан гьенир. МагIарул мацIалъ маргъу бицун бажарулищилан дица кьураб суалалда данде, гIажаибго берцинго гьимана лъимал, цоцазда гаргадилелги дида гьел рагIичIо.

РокьукъабцIалул план

Гьаб бакIалда бицинин щиб жо кколеб доб нилъее гIадалъ чIвазе магIгIанги бокьулареб кIиабилеб цIалул план.

КIиабилеб цIалул план ккола, авар мацIалъул дарсалги кIиго нухалъ дагьлъизарун, гьел сагIталги гIурус, ингилис мацIазе кьун, ЕГЭйилан абураб гIоралъ унаго, жиндир миллатги, мацIги, тарихги, адабиятги, маданиятги, гьелдаго цадахъ яхI-намусги биларaз школазда билълъинабулеб политика. Гьеб ккола тарбияги гьечIел, гIакълуги щвечIел, амма ЕГЭ кьун бажарулеб лъай ботIронибе бугIарал гIинккунбачал нилъер лъималазул лъугьинарулеб цIалул план. Гьеб планалде школа, живго лъикIав лъугьун, бачине, я лъай кьеялъул Управлениялъул нухмалъулесул, я школалъул директорасул, хIатта министрасулцин гьечIо ихтияр. Гьеб буго эбел-инсул комитеталъул ва школалъул педсоветалъул хIукму бугони гьабизе бегьулеб жо. Гьабизе бегьулеб ва гьабичIониги бегьулеб! Гьеб хIукму кьотIизе кканани, учительзабаздаги эбел-инсудаги бицине ккола гьелъул лъикIалги квешалги рахъал ва цIехезе ккола щибдай, гьудулзаби, нилъеца гьабун лъикIилан. ЦIехезеги цIехон нужеца гьеб планалда гьоркь гьулбасун батани… Аллагьас цIунагиха нилъги, нилъер лъималги.

Амма, цIумадисел руго кутакалда лъикIал гIадамал. Аллагьас кIодо гьареги!

P.S. ЦIумада районалъул 9 школа хIалтIулеб буго кIиабилеб планалда рекъон, 14 школа хIалтIулеб буго тIоцебесеб планалда рекъон. КIиабилеб цIалул планалде Болъихъ районалъул цониги школа ун гьечIо.

Эбел-инсул баркала

Агъвали школалъул 4«а» классалъул цIалдохъабазул эбел-инсуца баркала загьир гьабулеб буго Дагъистаналъул мустахIикъай мугIалим ПатIимат Шамсудиновалъе жидер лъималазе кьураб лъикIаб лъайгун тарбиялъухъ.

Сахлъи ва рохел дуе, ПатIимат!

ХIайдарханиде

ХIисабалъул дарсал дида малъарав
Лъай жиндир цIикIкIарав Гьакввариса вас.
Баркула, ХIайдархан, юбилей дуда
ХIалтIулъ бергьенлъаби гьарула дица.

Жакъа дида берда цеве вачIана
ГIолохъанав чи мун, лъади ячинчIев.
ЦIияб костюм-тIажу тIад ретIарав мун,
Лъай кьезе нижее витIун вачIарав.

ВорчIами кьун хадуб, хехлъиги гьабун,
Косинус нижеда малъараб заман.
Зодоб бугеб моцIалъ кьолеб канлъигIан,
Канлъи дуца кьураб гIолохъабазе.

ГIелму дуца кьолеб, щулаги гьабун,
Щвалде щвараб жаваб дуе щвечIони.
Щивасе нижее кIийилаб лъураб,
Лъай гьваридаб дуца нижее кьураб.

Кьвараараб рагIигун хIисаб малъарав
Гьале дида жакъа сурат бихьана
Хьизан-лъималазги гьалмагълъиялъги
Байрам дуда баркун битIун бачIараб.

Сабураб гьайбатаб буго дур гьумер,
Лъабкъоялда анцIилъ мун ваханиги.
Довго чи вуго мун, дида вихьулев
Дагьаб гьурмалъ гьими бихьулеб гьечIо.

БотIрода хьахIлъараб расалъ батила
Борхатго кkве бетIер, лъикIав учитель!
ЛъикIаб лъай щварал дур цIалдохъабазда,
Дуца кьурал дарсал кIочене гьечIин.

БотIрода рехараб гьеб хьахIлъиялъул
Гьабуге, дир гьудул, дуца пикраби.
Канлъи кьолеб заман радал бугелъул
Гьарула, ХIайдархан, нусго сон дуе.

Муса МухIамадов, Чонтаул росдал гьоркьохъеб школалъул директор

«Редакция газеты «Цумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь Х.ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1780 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

Спорт-Спорт-Спорт

ГIурадаса бергьенлъабигун руссана



Араб щамат къоялъ Шамил районалъул ГIурада росулъ тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул спортивиял школазда ругьунлъулел СаидмухIамад Гъайирбеговасе 120 кг. цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI, 42 кг. цIайиялда Тажудинов МухIамадие ва 50 кг. цIайиялда ГIабдулвагьабов Шамилие щвана лъабабилел бакIал.

Баркула гьезда бергьенлъаби!

ТI. ГIабдулбасиров

Шамилил лъикIаб хIасил

Арал щамат-гьатIан къояз Гъизляр районалъул Ясная Поляна росулъ тIобитIана Россиялъул спорталъул мастер, рагъулаб самбоялъул дунялалъул чемпионаталъул призер ГIабдула ХIизбулаев ракIалдащвеялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб республикаялъул рагьараб турнир.

Гьениб нилъер районалъул спортшколалда ругьунлъулел гIолилазе щвана ункъо медаль: 42 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI щвана Шамил Къурбановасе, кIиабилел бакIал-26 кг. цIайиялда Раббани Гъазиевасе, 32 кг. цIайиялда АхIмад МухIамадовасе ва 38 кг. цIайиялда МухIамадхIажи МухIамадовасе.

Ш. Сажидов

Ветеринарияб хъулухъалъул лъазаби

Районалъул ветеринарияб управлениялъ лъазабулеб буго инфекционнияб «Вирусная диарея» унти баккиялдалъун Дагъистаналда лъугьун бугеб захIматаб эпидемиологияб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ. Гьелда бан тIоритIизе руго профилактикиял тадбирал, гьединлъидал хитIаб гьабулеб буго районалъул боцIухъабазде гьарулел хIалтIабазе квербакъеян ва бичIчIигун къабул гьареян. ГьабсагIаталда ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз тIобитIизе буго чIегIер боцIулгун инфекциялде дандечIараб вакцинация. Цогидал районаздаса Агъвали базаралде бичизе бачIунеб боцIи гьукъизе ккола.

Гьан бичулез халгьабиялъе кьезе ккола къулагIигун цадахъ бетIерги ва киналго ургьисалаби, гьединго хъвелалде цебе хIайваналъул хал гьабунин хъвараб ветеринарияв врачас справка ва бичизе базаралде бачIараб гьанги унтараб боцIи гьечIеб бакIалдасан букIин бихьизабулеб кагъатги. Гьанада тIад «Предварительный осмотр» абураб ункъбокIонаб мугьруги чIван букIине ккола.



П. Маликова, районалъул ветуправлениялъул нухмалъулей

Редакциялъул рахъалдаса: ГIемер биццаниги, хисулеб хIал гьечIо тIадехун рехсараб суалалда сверухъ. Сонаил бачIуна, исанаги бачIине батила унтараб- сахаб лъалареб чияр боцIи нилъер мугIрузде. Киса бачIараб лъалареб гьанги щибаб щамат къоялъ бичулеб буго Агъвали базаралда ветеринаразул унтул хIакъалъулъ хIасилаб хIукму гьечIеб. Щиб лъалеб, кинаб гьан нилъеца кваналеб бугеб сверухълъиялда боцIул батIи-батIиял унтабиги тIиритIун рукIадго. Гьелъул ургъел гьабулев чи гьечIин абуни, мекъи ккезеги бегьила, амма гьеб суал рукIкIалиде бачине гьабулеб хIалтIи бихьулеб гьечIо.

Нилъер киназулго букIине ккела цо пикру «Гьан: чияраб гьукъизе, нилъерабго кваназеялъе гIоло»- абураб.

Эркенаб гугариялъул рахъалъ чемпионазул кьерде вачIана Муса МухIамадов

12-16 маялда Белгород областалъул Старый Оскол шагьаралда тIобитIараб гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенствоялда Дагъистаналъул командаялъе щвана батIи-батIиял къиматазул 12 шапакъат: 5 меседил, 2 гIарцул ва 5 мазгарул медалал. Гьезда гьоркьов меседил медалалъе мустахIикълъана 69 кг. цIайиялда гугарулев вукIарав ТIинди росулъа Муса МухIамадов.

Нилъер районалъул ДЮСШялда тарбия кьурав, гьанже МахIачхъалаялда ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб спортивияб школалда ругьунлъулев Муса МухIамадовас финалияб дандчIваялда дандияв къезавуна бихьизабураб заман лъугIилелдего, къого секундалда жанив.

Гьаб соналъул сентябралда Муса гIахьаллъизе вуго Тбилисиялда тIобитIизесеб гIолилазда гьоркьоб Дунялалъул первенствоялда.

Баркула Мусада гьеб бергьенлъи, гьарула гьесие сахлъи, талихI ва икъбал.

Ш.Сажидов

Рекери

ТIиссиахикьисезул лъикIал хIасилал

13-15 маялда МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда тIоритIана КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялда бан тIадагьаб атлетикаялъул рахъалъ гIолилал васазда ва ясазда гьоркьор республикаялъул къецал. 1,5 километр ва 5 километр манзилалъ векерун тIоцебесеб бакI щвана МухIамадов МусахIажие. 5 километр манзилалъ векерун кIиабилеб бакI-Багьавдинов ГIабдулае, гьебго манзилалда лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана МухIамадов МухIамад. 800 метралъул манзилалъ векерун лъабабилеб бакI щвана Багьавдинов ГIабдулае. Гьел киналниги рекерухъаби ккола ТIиссиахикь росулъ тренер ХIажиев КъурамухIамадил нухмалъиялда гьоркь ругьунлъулел.

Ш.Сажидов

Баркала загьир гьабулеб буго

Пачалихъияб Думаялде депутатлъиялде кандидатазе «Цогояб Россиялъ» цереккунго тIоритIарал гьаракь кьеялъулъ жиндие гьабураб рахъкквеялъухъ районцоязе кIудияб баркала загьир гьабулеб буго ГIалиев МухIамадсултIан Темирхановичас.